

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF
EDUCATION
Akonplisman gen plis enpotans

Nancy S. Grasmick
State Superintendent of Schools

Martin O'Malley
Governor

Maryland State Department of Education
Division of Special Education/Early Intervention Services
200 W. Baltimore Street, Baltimore, MD 21201
www.marylandpublicschools.org

MEDYASON KOMINOTÉ NAN MARYLAND
Konfi ou a, rezolisyon yo

RANN FASIL REINYON GWROUP IEP YO NAN MARYLAND

Sa se entrodiksyon epi tou kesyon moun poze pi fasil pou paran yo ansanm ak ajans piblik/ Pèsonel lékòl

Entwodiksyon pou rann fasil gwoup reinyon IEP yo : Rann reinyon you IEP fasil pa you moun deyò, endepandan, you “fasilitatè” ki antréné byen vit sa vini you bagay tre popile pou paran yo ansanm avek pesonel lekòl pou jwen you ako nan desizyon edikatif fe pwosede pou etidyan yo ki gen bezwen oswa yo sispek ki bezwen sevis edikasyon espesyal. Kan relasyon ant paran yo ansanm ak pesonel lekòl la vin pa alèz oswa ou byen anvan ke relasyon an jwen chans pou li derayé, paran yo ansanm ak pesonel lekòl jwen ke itilize you fasilitate deyo yo kapab asiste gwoup pwosede IEP. You fasilitate kapab ede paran yo ansanm ak esonel lekòl evite move konpreyansyon oswa dezagreman yo le yo kwe ke diskisyon yon an reinyon an yo ka gen ndefi ladan yo. Yo jwen ke lit re efektif le yo itilize fasilitate ki antrene, yo ede gwoup IEP a fikse je yo sou developman pwogram edikatif pou etidyan an pandan ke nap pale de kek konfli yo. Ansanm ak dezagreman yo ki ka rive pase pa gen you bon kominikasyon. Fasilitate a va itilize abilite ki ka kreye you anviwonman ladan gwoup IEP yo; Pesonel lekòl la ansanm ak paran yo ka tande youn lòt epi travay ansanm nan developman pwogram edikasyon yo ki gen anpil kalite pou elev pou elev ke nou sispek oswa nou idantifye ki genyen you andikap.

1. Kiles ki ka mande pou you reinyon IEP rann fasil?

Nan non you paran oswa nan non lekòl la, fasilitate a ka mande sa. Malgre sa mwen sot di ou a, fok tou de pati yod ako pou itilize pwosede sa a ki se you bagay volonte.

2. Kiles ki ka sevi kom fasilitate nan reinyon IEP ?

Moun ki fe fasilitate a se you moun ke yo antrene ki soti nan you sant medyasyon kominote, an jeneral li toujou localize nan jiridiksyon (Zòn) kote paran an abite oswa nan you kominote ki tou pre ak kote paran an abite epi tou kote elev la al lekòl. Fasilitate a gen you antrenman pou li pran, se pou li pran (senkant) 50 è klas sa a nan abilite ki gen pou we ak medyasyon, lid we gen

eksperyans fe medyasyon nan diferan kalite dispit, epi li dwe pase (twa) 3 jou nan antrenman facilitate IEP. Fòk mwen di ou ke facilitate a li pa you manm nan IEP li pa gen relasyon ansanm ak lekòl la oswa paran yo, li Selman la pou li asiste nan reinyon an. Facilitate a pa dwe ni pou youn ni pou lòt, lid we toujou fikse je l sou pwosede a pandan ke gwoup la ap pran desizyon yo.

3. Di- m byen, kouman fasilitasyon an diferan de medyasyon jan ke lalwa Edikasyon Endividyel pou moun ki genyen you andikap (IDEA) ?

Menm kan nap facilitate gwoup reinyon IEP yo, sa fet nan lespri pou anpeche konfli epi/ oswa pou rezoud konfli yo anvan pou yo mande medyasyon oswa pou yo ta ranpli plent pwosede sou zafè garanti dwa moun, yo pa mande pou sa fet anba lalwa IDEA. Eta oswa sistem lekòl lokal yo, yo pa ekzije yo pou ofri sevis sa-a. Ban-m di-w kek lot diferans ki genyen ant fasilitasyon IEP ak medyasyon anba lalwa IDEA se yo mwen pral di-w pi ba (kounye) a:

- Fasilitasyon an rive nan you gwoup reinyon IEP
- Reinyon IEP yo an jeneral se sistem lekòl la ki an tet li nan menm jan reinyon IEP ki pat rann fasil.
- Pa gen oken agreman ekri, se nòt anvan an pou reket IDEA epi tou sé sèl (IEP) élèv la Pwogram Edikatif Endividyel la.

Fasilitasyon IEP a nou pa dwe konfon li avek medyasyon. Medyasyon an kouvri plis bagay, li pi laj, preske san limit nan zafè edikasyon espesyal ké you reinyon IEP. Yo itilize medyasyon se le ke gen you gwo dezagreman kote tou de pati yo paka rezoud pwoblem yo. Le sa a yo pran you moun ki resevwa antrenman, li pa ni pou youn ni pou lòt, yo rele moun sa a mediate. Se medyate sa a ki mennen tou de pati sa yo ansanm pou we eske pa gen you fason yo ka rezoud anpil dezagreman yo genyen, souvan bagay sa yo, pafwa konn gen bagay ki pa menm gen anyen pou we ak IEP etidyan an yo ka rezoud li tou.

4. Kisa facilitate a fe nan reinyon an ?

Moun ka atann de facilitate a pou li :

- Asiste gwoup la pou etabli you ajanda
- Bay gidans kouman diskisyon an ap fet epi tou santre dikisyon an sou etidyan an
- Asire ke tout moun gen chans pou yo pale, epi tou pou koute sa kap di
- Bay ed pou ka rezoud dezagreman yo.
- Itilize abilité kominikasyon pou édé paran ansanm avek pesonel lekòl la pou travay ansanm pou pran desizyon yo konsenan pwogram nan.
- Edé manm gwoup yo dévlopé épi tou mandé klarifikasyon konsenan pwoblem kité rivé nan tan pasé yo

- Edé pou kenbe gwoup la nan travay li, édé yo pou respekté tan ke yo bay pou reinyon an dire.
- Li pa dwe ni pou youn ni pou lot, li pa dwe nan konfyolo ak peson (san patipri) li pa dwe blame ni Pyè ni Jak, li pa gen dwa pou enpoze desizyon pa-l sou gwoup la, li pa ka ofri opinyon pa-l sou apwoprye.

5. Ki benefis ki genyen nan rann fasil gwoup IEP reinyon an?

Paran yo ansanm avek pesonel lekòl ki deja itilize fasiliteasyon nan reinyon gwoup IEP yo, yo rapote ki kalite benefis yo jwen nan sa:

- Je (lespri yo) yo rete fikse sou etidyan an
- Tou le de pati yo jwen sipò epi tou yo patisipe nan tout reinyon
- Nou santi tou you relasyon pozitif ant paran yo ak pesonel lekòl la
- Nou we opotinite pou kreye, gen plis chans pou gen viktwa, epi nou we ke solisyon yo posib
- Sevis fasiliteasyon yo li gratis ti cheri pou tou le de pati yo, li pa sanble kom kwa se de moun ki gen you kont
- Kominikasyon éféktif ansanm ak abilité pou tandé sèvi kòm modèl
- Pwen akò ansanm ak dezakò klarifyé
- Paran yo ak pwofesyonel yo you fason pou rezoud pwoblem lan yo ankourajé yo pou idantifyé nouvo opsyon yo.
- Li sé pati nan ré-inyon séparé.
- Tout désizyon yo fèt pa gwoup, sé pa you médyatè oswa you ofisyé odisyon.

6. Kouman yo kenbé konfidansyalité étidyan an ak fanmi an ?

Paran an dwé bay akò pou pèmèt lékol la patajé enfomasyon konfidansyèl sou etidyan an avèk fasilite. Bagay sa-a lalwa ki rélé Ak Edikasyon Fanmi epi Dwa privè yo. (Family Education Rights and Privacy Act).

7. Ki moun ki péyé pou fasilite ?

Pou fasilite a asiste nan pwosede IEP a, paran an oswa lékol la pa gen dwa péyé senk kob rouj, se gratis ti chéri . Médyasyon jidisyè ansanm ak Ofis Rezolisyon Konfli ki anba Direksyon Onorab Jij an Chèf Robert H. Bell, li menm mki se chef Kou Dapel nan Maryland ansanm ak Depatman Edikasyon, Divizyon Edikasyon Espesyal / Sevis Entevansyon Bonè, Carol Ann Baglin, Ed.D., Asistan Siperentandan Leta a fè kado a medyasyon Kominotè nan Leta Maryland sé yo ki antréné épi ki péyé tout pwogram sipò, ladan yo yo konn menm péyé milaj machine fasilite.

8. Ki ajans piblik yo ki ofri ré-inyon rann fasil yo a paran yo ansanm ak pèsònèl lékòl la ?

Lis mwen pral ba ou pi ba a, sé ajans sa yo ki ofri sévis fasilite a paran yo ansanm ak pèsone lèkol yo pou ané lèkol 2007 jiska ané 2008 :

- Anne Arundel County Public schools (Lèkol Piblik yo Konté Anne Arundel)
- Baltimore County Public Schools (Lèkol Piblik yo Konte Baltimore)
- Cecil County Public Schools (Lèkol Piblik yo Konté Cecil)
- Board of Education for Dorchester County (Konsèy Edikasyon pou Konté Dorchester)
- Frederick County Public Schools (Lèkol Piblik yo pou Konte Frederick)
- Howard County Public schools (Lèkol piblik yo Konté nan Howard)
- Montgomery County Public Schools (Lèkol Piblik yo Konté Montgomery)
- Prince George's County Public Schools (Lèkol Piblik yo Konté Prince Georges)
- St. Mary's County Public Schools (Lèkol Piblik yo Konté St. Mary)
- Washington County lèkol Piblik yo Konté Washington)

Fok ou pasé pa kopérasyon pèsone lèkol ansanm ak volontè yo pou ka jwenn fasilite ansanm ak sévis yo bay Men kèk Sant Rézolisyon Konfli Kominotè yo : Anne Arundel Conflict Resolution Center ;(Sant rézolisyon Konfli nan Anne Arundel) ; Charles County Community Mediation Center ; (Sant Médyasyon Kominotè nan konté Charles) ; Mid-Shore Community Mediator éCommunity Mediation Center ; (Sant Médyasyon Kominotè Konté Washington) ; Conflict Resolution Center of Montgomery County ; (Sant Rezolisyon Konfli Konté Montgomery) ; Community Mediation, Upper Shore, Inc ; (Médyasyon Kominoté Upper Shore, Inc ; Center for Conflict Resolution Inc.; Salisbury ; (Sant pou rezolisyon Konfli Inc. ; Salisbury) Prince George's County Mediation and Conflict Resolution Collaborative, (Kolaboratif Rézolisyon Konfliak Medyasyon nan Prince George) ; Community Mediation Center of St. Mary's County,(Sant Medyasyon Kominotè nan Konté St. Mary), ansanm avek pèsone lèkol Medyasyon Kominotè Maryland, anba direksyon Lorig Charkoudian, Ph. D., Direktè Ekzekitif.

9. Si mwen ta bezwen you fasilite ki es poum kontakte pou vini nan re-inyon IEP pou pitit mwen ?

Sistem lekol yo ki ofri sévis fasilite yo endividyalize pwosede pou moun mande you fasilite . i ou ta bezwen konnen kouman pou mande sevis la, nou sikjere ke ou kontakte Ofis Edikasyon Espesyal sistèm lekol ki responsab pou pwogram edikasyon etidyan an oswa Medyasyon Kominotè nan Maryland nan téléfon sa a : (410 553 0206, 888-826-2262)

10. Ki es pou mwen kontakte si sistem lekol mwen pa ofri gwoup re-inyon rann fasil yo.

Si ou entérésé nan kesyon pou sistem lekòl ou a ofri gwoup re-inyon IEP yo ou dwé kontaké sistem lékol lokal la Direktré édikasyon espésyal. Depatman Edikasyon Léta Maryland ansanm ak Edyasyon Kominote Maryland engajé (devwe) pou ogmanté sevis a tout sistem lékol ki entérésé nan bay sevis a paran etidyan yo ki gen you andikap ansanm ak pesonèl lekòl yo. Disponibilté depann dé valè fasiltate nou geyen ki antréné épi sa depann dé kapasité Médyasyon kominotè nan Maryland épi chak Sant Rézolisyon Konfli.

Li enpòtan ou konnen re-inyon IEP kap rann fasil sé menm avek lot ré-inyon IEP. Konsenan respekte regleman legal yo epi nenpot lot demann ki gouvéné pwosédé ré-inyon IEP nan Maryland sé menm man parèy man Sé you sèl bagay ki diféran présans you fasiltatè.

MSDE vlé rékonét asists Dépatman Enstriksyon Piblik North Carolina té bay, Divizyon ti moun ésépsyonèl ansanm avèk konsòsyòm Rezolisyon Dispit Apwopryé nan Edikasyon Espesyal (CADRE) nan developman dokiman sa a.

Depatman Edikasyon nan Leta Maryland, Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sevis Entèvansyon Bonè sé yo menm ki péyé, sa soti nan IDEA Pati B Kado # H027A070035A, Depatman Edikasyon, Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak sevis réyabilitasyon. Sa ou wè ki di la a, Dépatman Edikasyon Etazini pa nésésèman oblijé tonbé dakò ak sa, okenn lot ajans federal pa oblije patajé menm lidé a. Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sévis Entèvansyon Bonè résévwa lajan nan men Ofis Pwogram Edikasyon Espesyal yo, Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak sévis Réyabilitasyon, Depatman Edikasyon Etazini. Enfomasyon sa a li gratis ti chéri. Nou ankourajé moun ki li enfomasyon an pou patjé l ak lot moun, ou met fe kopi, you sèl bagay bay tout kredi a Divizyon Edikasyon Espèsyal /Sevis Entevansyon Bone yo, Dépatman Edikasyon léta Maryland

Depatman Edikasyon Maryland pa fe diskriminasyon kont moun bazé sou ras, bazé sou koulè, bazé sou seks, bazé sou laj, bazé sou orijin nasyonal, bazé sou relijyon oswa sou andikap nan kozé ki gen pou wè ak travay nou pa nan patipri nan kesyon bay aksè a pwogram yo. Si gen koze ou ta bezwen konnen nan fason ke Depatman an fonksyone (polis) Tanpri souplé kontaké Branch Aplikasyon ansanm ak Asirans Ekité, rélé nan niméwo sa a : (410) 767-0433 oswa kontaké nou pa sévis faks nan : (410) 767-0431 tout bagay sa yo dwé fet an rapo avek lalwa Ak Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) dokiman sa a disponib nan lot kalité foma, si gen moun ki mandé sa. Kontaké Divizyon Edikasyon Espesyal /Sevis Entevansyon Bonè Depatman Edikasyon nan Leta Maryland nan niméwo sa a : (410) 767 0858 oswa pa sévis faks nan niméwo sa a : (410) 333-1571.

Dev. 08/2007